



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 55 MILYON DOLA DISPONIB POU AMELYORE  
SEKIRITE PIBLIK AK SISTÈM KOMINIKASYON IJANS YO**

***45 milyon dola pou kominikasyon konpatib eta a ak 10 milyon dola pou operasyon sant apèl sekirite piblik nan finansman sibvansyon disponib kounye a pou konte ki elijib yo***

***Pwogram ki fèt pou ede modènize ak amelyore sekirite piblik lokal ak sistèm kominikasyon ijans yo atravè eta a***

***Dat limit pou tou de pwogram sibvansyon yo se 26 jen 2023; Kandida ki elijib yo ka aplike [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon opòtinite sibvansyon 55 milyon dola pou amelyorasyon ak antretyen sistèm kominikasyon ijans ak sant apèl sekirite piblik eta a. Sibvansyon Fòmil Kominikasyon Konpatib Eta (State Interoperable Communications Formula Grant, SICG-Formula) a ki se 45 milyon dola pèmèt Eta a ranbouse konte ki elijib yo pou divès aktivite ki asosye ak sistèm kominikasyon ijans nan tout eta a. Pwogram Sibvansyon Operasyon Sant Apèl Sekirite Piblik 10 milyon dola a pèmèt konte yo resevwa sipò Eta a pou depans elijib pou pran ak voye apèl sekirite piblik yo.

"Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se pi gwo priyorite mwen, epi asire yon repons efikas pandan sitiyasyon ijans kote chak segonn konte vle di gen bon zouti ak sipò pou sistèm kritik tankou sistèm kominikasyon ijans yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a enpòtan anpil pou ranfòse kapasite repons pou ijans New York yo, epi mwen ankouraje responsab Konte yo atravè Eta a pou yo pwofite opòtinite finansman sa yo pou asire premye sekouris yo gen resous yo bezwen pou kenbe kominote nou yo an sekirite".

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Lè katastwòf frappe, premye sekouris enpòtan li yo kapab kominike byen klè youn ak lòt pandan y ap travay pou pwoteje kominote yo epi sove lavi. Atravè finansman sa a, patnè sekirite piblik yo pral kapab aplike enfrastrikti kle yo ak amelyorasyon teknoloji ki esansyèl pou ranfòse posti repons lokal yo ak bati kominote ki pi an sekirite".

Aplikasyon yo louvri kounye a epi dat limit pou pwogram Fòmil SICG ak pwogram Sant Apèl Sekirite Piblik (Public Safety Answering Point, PSAP) la se lendi 26 jen 2023.

Pou plis enfòmasyon sou tou de opòtinite sibvansyon sa yo, tanpri vizite [paiwèb](#) Sibvansyon DHSES la.

Gouvènè Hochul te [anonse](#) anvan sa lòt investisman ak mezi pou amelyore sèvis repons ijans nan tout eta a nan bidjè ane fiskal 2024 la, sa gen ladan:

- **105 milyon dola** pou modènize Sant Operasyon Ijans Eta a (State Emergency Operations Center), ki sèvi kòm pwèn ki santralize nan Eta a kote aktivite preparasyon ak repons ijans yo kowòdone pou tout gwo ijans yo.
- **25 milyon dola** pou bay sibvansyon kapital pou depatman ponpye volontè pou konstriksyon, renovasyon oswa acha enstalasyon ak ekipman.
- **20 milyon dola** pou ede konte yo fè tranzisyon nan 911 Pwochè Jenerasyon an atravè yon rezo kab fib optik k ap konekte yon ak yon sèl Sant Apèl Sèvis Piblik nan chak konte.
- **10 milyon dola** pou bay yon prim ke Eta a finanse pou ponpye ki konplete fòmasyon debaz la.

### **Sibvansyon Fòmil Kominikasyon Konpatib Eta (Fòmil SICG)**

Sibvansyon Fòmil Kominikasyon Konpatib Eta a (Fòmil SICG) konsantre sou minimize twou vid ki genyen nan kominikasyon konpatib lè li aliyen akizisyon teknoloji avèk itilizasyon operasyonèl li atravè premye sekouris yo, bay fondasyon ki nesèsè pou akonpli yon wo nivo konpatibilite. Sibvansyon an pèmèt Eta a ranbouse depans ki elijib ki ede lokalite yo soutni ak amelyore sistèm ak konpozan kominikasyon, fòmasyon ak egzèsis, ak estrikti gouvènans. Li sipòte tou òganizasyon sekirite piblik konte yo nan amelyore repons pou ijans, amelyore kapasite ak rezilta pèfòmans nan Plan Kominikasyon Nasyonal pou Ijans Depatman Sekirite Enteryè Etazini (Department of Homeland Security, DHS), amelyore pwosedi operasyon ak devlopman enfastrikti, ak adrese direktiv SAFECOM ki soti nan Ajans DHS Pou Sibèsekirite ak Sekirite Enfastrikti (Cybersecurity and Infrastructure Security Agency, CISA). Yon total 45 milyon dola nan sibvansyon Fòmil SICG disponib pou konte ki elijib yo ak Vil New York.

### **Sibvansyon pou Operasyon Sant Apèl Sekirite Piblik (PSAP)**

Sibvansyon pou Operasyon Sant Apèl Sekirite Piblik (PSAP) la pa konpetitif epi li bay lajan atravè yon fòmil ki distribye finansman an menm jan pami moun k ap resevwa rekonpans yo baze sou plizyè kritè diferan, tankou dimansyon operasyonèl, eleman demografik, mezi apèl sèvis ijans, deplwaman nouvo teknoloji, ak konfòmite ak direktiv eta ak nasyonal pou kominikasyon ijans. Sibvansyon an sipòte operasyon ki deja egziste pou yon benefisyè epi ankouraje devlopman teknoloji 911 Pwochè Jenerasyon (Next Generation 911, NG911) ak done Sistèm Enfòmasyon Jeyografik (Geographic Information System, GIS) ki nesèsè pou NG911. Sibvansyon PSAP la ankouraje tou

devlopman efikasite operasyon ak pwosedi ak kolaborasyon jeneral ant diferan jiridiksyon, tankou lòt konte ak ajans eta a yo.

Bidjè Eta a pou ane 2022-23 a bay 10 milyon dola sibvansyon pou kandida ki elijib yo pou sipòte operasyon ak amelyorasyon PSAP yo. Eta a bay ranbousman pou depans operasyon yo, enkli depans pèsònèl yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)